

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa mangrupa mahluk sosial anu hirup di tengah-tengah masarakat. Pikeun interaksi jeung masarakat, manusa teu bisa lepas tina komunikasi ngaliwatan basa. Basa mangrupa sistim sora omongan nu di hasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép sereuhna (sistimatis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2005:10). Basa digunakeun ku manusa dina sagala *aktivitas* kahirupan. Ku kituna, basa mangrupa hal nu paling *hakiki* dina hirup kumbuh manusa.

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangruk di Jawa Barat boh disaluareunana. Jumlah panyaturna oge kaitung réa, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna di Indonesia sabada basa Jawa. Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana)”. Bukti lian dipiarana basa Sunda ku pamaréntah nya éta kaluarna Perda Provinsi Jawa barat nomor 5 taun 2003 perkara *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah serta Petunjuk Pelaksanaannya*. Pangaweruh basa téh lega pisan, ku kitu ogé cabang élmu anu maluruhna. Dina basa indonesia élmuning basa téh disebut *ilmu bahasa*

atawa *linguistik* (Sudaryat, 2000:1), sacara singget basa téh kawangun tina opat unsur utama, nya éta unsur sora (foném jeung morfém), kanaga kecap, susunan kalimah (sintaksis), jeung ma'na (semantik) anu mekar jadi cabang élmu séwang séwangan. Morfologi mangrupa salah sahiji cabang élmu linguistik anu ngulik perkara morfém. Morfém nya éta wangun basa pangleutikna anu ngandung harti; wangun katatabasaan (gramatikal) pangleutikna nu sok di ucapkeun deui dina wangun nu sarua atawa méh sarua (Sudaryat, 2005:10). Atawa dina ungkara nu lian yén morfologi téh bagéan élmu basa anu medar atawa maluruh seluk beluk wangun kecap sarta parobahan-parobahanana kana golongan jeung harti kecap. Sudaryat (1985:65) ngabagi warna kecap nya éta kecap lulugu jeung kecap pancén. Kecap lulugu ngawengku kecap barang (nomina), kecap pagawéan (verba), kecap sifat (ajéktiva), jeung kecap bilangan (numéra). Sedengkeun kecap pancén ngawengku kecap panambah (adverba), kecap pangantét (preposisi), kecap panyambung (konjungsi), jeung kecap panyeluk (interjeksi).

Kecap panyambung (konjungsi) miboga sababaraha ma'na teu ngan saukur pikeun nyambungkeun kecap, frasa, jeung klausa. Panalungtikan ngeunaan ma'na dina kecap kacida pentingna pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan élmu kabasaan pikeun masarakat sarta bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran di SMP. Lantaran lamun ningali kondisi jeung pangaruh lingkungan sabudeureunana nu geus kapangaruhan ku budaya *westernisasi*. Atuh teu burung basa Sunda téh ditinggalkeun ku pamakéna. Hal ieu geus tangtu pangaweruh ngeunaan élmu kabasaan hususna ngeunaan kecap panyambung ogé geus loba anu mopohokeun.

Tujuan pangajaran basa Sunda nya éta sangkan para siswa mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, mibanda kamahéran maké Basa Sunda, jeung mibanda sikep anu hadé kana basa Sunda.

Saenyana mah panalungtikan kabasaan nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran geus réa anu nalungtik. Panalungtikan nu patali jeung kabasaan di bidang morfologi nya éta “*Analisis Kecap Panyambung dina Kolom Prosa Lirik Anaking Jimat Awaking Karangan Wahyu Wibisana pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP* ku (Nurhayati, 2004)”. Ieu panalungtikan medar ngeunaan wangun, harti, distribusi kecap panyambung. “*Analisis Kecap Panyambung dina Karangan Siswa SMU Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung* ku (Kamilah, 1999)”. Éta panalungtikan téh medar kecap panyambung anu aya dina karangan siswa SMU Yayasan Atikan Sunda pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Dina ieu panalungtikan geus disabit-sabit ngeunaan kecap panyambung (konjungsi). Bédana ari panalungtikan ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) tina segi fungsi jeung harti dina karangan narasi siswa can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Kecap Panyambung dina Karangan Narasi Siswa Kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 pikeun Bahan Pangajaran Nulis*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing, panalungtikan ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) diwatesanan nya éta ditilik tina fungsi jeung harti nu aya dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kecap panyambung (konjungsi) naon waé anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011/2012?
- b. Kumaha fungsi kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011/2012?
- c. Kumaha harti kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011/2012?
- d. Naha kecap panyambung dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011/2012 bisa dijadikeun bahan pangajaran nulis di SMP ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Saluyu jeung kasang tukang panalungtikan katut rumusan masalah anu geus dipedar diluhur, sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) ditilik tina fungsi jeung harti nu aya dina karangan narasi siswa kelas dina Karangan Narasi Siswa Kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 pikeun bahan pangajaran nulis.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun :

- a. Kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.
- b. Fungsi kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.
- c. Harti kecap panyambung (konjungsi) dina éta karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.
- d. Kecap panyambung (konjungsi) pikeun bahan pangajaran nulis di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Panalungtikan ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-201 téh miboga sawatara mangpaat, boh anu sipatna tioritis boh praktis. Tina segi tioritis ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) ditilik tina segi fungsi jeung harti katut tiorina patali jeung kagiatan pangajaran di SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sawatara mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, diantarana waé :

- a. Pikeun siswa, bisa nyaho kana kecap panyambung (konjungsi) ditilik tina segi fungsi jeung harti.
- b. Pikeun kabutuhan umum, méré informasi ngeunaan kaédah morfologis.
- c. Pikeun Guru Basa Sunda, bisa dijadikeun acuan dina milih bahan pangajaran.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir dina ieu panalungtikan, di handap baris dipedar sababaraha istilah anu aya dina ieu panalungtikan.

- a. Kecap panyambung nya éta kecap pancén anu gunana pikeun nyambungkeun babagian kalimah (kecap, frasa, jeung klausa). Disawang tina fungsina dina kalimah, aya opat rupa kecap panyambung nya éta (a) kecap panyambung satata (*koordinatif*), (b) kecap panyambung sumélér (*subordinatif*), (c) kecap panyambung papasangan (*korélatif*), (d) kecap panyambung anteuran.

Dumasar hartina, kecap panyambung miboga sababaraha harti pikeun nuduhkeun hubungan : (1) Jumlah (*aditif*), (2) pamilih (*alternatif*), (3) lalawanan (*antitétik*), (4) tumuluy (*kontinuatif*), (5) panandes, (6) waktu (*témporal*), (7) sarat (*kondisional*), (8) tujuan (*purposif*), (9) sabab (*kausatif*), (10) ngaku (*konsésif*), (11) akibat (*konsékatif*), (12) hasil (*résultatif*), (13) cara (*sirkumtansial*), (14) pertélaan (*kuotatif*), (15) pangécés (*réstriktif, apositif*), (16) guna (*bénéfisial*), (17) babandingan (*similatif*), (18) iwal (*ékséstif*), (19) pilih (*alternatif*), (20) undak, (21) jumlah (*aditif*), (22) panyindek.

- b. Karangan narasi téh nya éta karangan anu wandana nyaritakeun runtuyan kajadian. Kajadian éta téh disusunna, dipatalikeunna, heula pandeurina dina wangun carita nepi ka ngawujud carita fiksi anu gembleng, boh dina wangun prosa atawa dina wangun puisi (Iskandarwassid, 1992: 90).
- c. Bahan pangajaran nya éta bahan anu dibikeun ka siswa dina waktu lumangsungna proses diajar-ngajar, pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Dumasar wangenan di luhur, bisa dicindekkun yén anu dimaksud ku *Kecap Panyambung dina Karangan Narasi Siswa Kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 pikeun Bahan Pangajaran Nulis* nya éta panalungtikan anu ngadéskripsikeun kecap panyambung dumasar fungsi jeung harti anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung pikeun bahan pangajaran nulis.

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salasihiji bebeneran, tiori, atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener salahna sarta dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna,1994:3). Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu dihandap :

- a. Kecap panyambung (konjungsi) téh bisa ditalungtik tina jihat fungsi jeung harti.
- b. Kecap panyambung (konjungsi) kaasup kana kecap pancen.
- c. Kecap panyambung bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana boh fiksi boh non fiksi salasihijina dina karangan narasi.

1.7 Metode jeung Téknik Panalungtikan

1.7.1 Metode Panalungtikan

Metode panalungtikan mangrupa salasihiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metodé déskriptif. Alesan ngagunakeun métode deskriptif lantaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 pikeun bahan pangajaran nulis.

1.7.2 Téknik Panalungtikan

1.7.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu dipaké dina dina ieu panalungtikan nya éta teknik dokuméntasi, jeung téhnik tés. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis nya éta ngeunaan kecap panyambung (konjungsi) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 pikeun bahan pangajaran nulis. Ari téknik tés dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.7.2.2 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, terus éta data téh diolah. Anapon léngkah-léngkahna nya éta ieu dihandap :

- 1) Sanggeus data dikumpulkeun tuluy disalin dina kartu data, data dipasing-pasing dumasar kana fungsi jeung harti kecap panyambung (konjungsi);
 - 2) Cara milah-milahna nya éta ku cara ngagolongkeun korpus anu identitas atawa miboga ciri anu sarua;
 - 3) Sanggeus sakabeh korpus dipasing-pasing, tuluy dipindahkeun kana tabél data;
 - 4) Ngadéskripsikeun kecap panyambung dumasar kana fungsi jeung hartina;
 - 5) Fungsi jeung harti kecap panyambung (konjungsi) dipilih tur diluyukeun jeung kriteria milih bahan pangajaran pikeun dipidangkeun dina model bahan ajar/pangajaran;
- jeung

- 6) Sanggeus réngsé hasil panalungtikan dicindekkeun, satuluyna ieu panalungtikan téh disusun jadi laporan dina wangun skripsi kalawan maké katangtuan anu geus ditangtukeun.

1.7.3 Instrumén Panalungtikan

Nyusun instrumén panalungtikan mangrupa salasihiji léngkah anu kalintang pentingna dina kagiatan panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolah (Arikunto, 2006:16) Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistem korpus data jeung lambaran tést.

1.8 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta wangun tinulis nu mangrupa karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011/2012 anu jumlahna aya 40 siswa.